



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 483 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
"BRIDGE NY" LA POU REPARE AK RANPLASE PON AK KANIVO LOKAL YO**

***Pwogram lan sipòte efò pou solidifye enfrastrikti enpòtan ak fè kominote lokal yo
vin pi rezistan kont enpak chanjman klimatik yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 483 milyon dola nan asistans pou reyabilite ak ranplase pon ak kanivo yo pral disponib byento pou gouvènman lokal yo atravè New York nan dènye etap inisyativ popilè BRIDGE NY Eta a. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a pral travay atravè òganizasyon planifikasyon lokal yo pou asiye finansman an nan vil yo, vilaj yo, ak lòt antite gouvènmantal yo nan chak rejyon nan eta a pou ede yo ranfòse enfrastrikti ki egziste deja yo ak amelyore rezistans kont evènman move tan yo. Inisyativ BRIDGE NY eta a sipòte pwojè ki konbat chanjman klimatik lè yo diminye risk inondasyon yo, amelyore rezistans estrikti yo, fasilite konpetitivite ekonomik rejyonal ak priyore pwojè ki benefisyè kominote jistis anviwònmantral yo.

"New York deja santi konsekans chanjman klimatik yo ak evènman move tan ki rive pi souvan, ke ane sa a sèlman te yo te detui plizyè pon ak wout kle nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman n ap fè atravè pwogram 'BRIDGE NY' la pral ede gouvènman lokal yo amelyore sekirite, rezistans, dirabilite, ak fyabilite nan enfrastrikti yo, ogmante kapasite pon nou yo pou reziste ak evènman move tan yo epi kenbe Nouyòkè yo an mouvman."

Anons jodi a ap bati sou plis pase 1.2 milyon dola yo te deja bay gouvènman lokal yo nan kad inisyativ BRIDGE NY la pandan plizyè ane ki sot pase yo. Nan kad plan kapital istorik 32.8 milya dola Eta a yo te adopte ane pase a, yo te angaje 1 milya dola nan BRIDGE NY, sa ki finaman double tay pwogram nan. Dènye faz investisman nan pwogram nan pral fèt nan mwa k ap vini yo pandan NYSDOT ap travay atravè pwosesis planifikasyon lokal la avèk Òganizasyon Planifikasyon Rejyonal ak Metwopoliten yo. Finansman sa a pral sipòte tout faz yo nan livrezon pwojè a, tankou konsepsyon, akizasyon dwa pasaj ak konstriksyon.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul ap fè investisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ki pral ranfòse kominote lokal nou yo epi ede nou konbat enpak devastatè chanjman klimatik

yo. Lè nou ede gouvènman lokal yo ranfòse pon yo ak kanivo yo, nou ka rann wout yo pi rezistan ak pare pou kenbe tèt ak kèlkeswa sa Manman Lanati pote – espesyalman evènman move tan ekstrèm yo."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilatral la ap ede konble vid ki genyen sou pwojè enfrastrikti ke yo t ap tann depi lontan yo atravè Empire State la. Finansman nan BRIDGE NY ki plis pase 400 milyon dola sa a pral non sèlman rann pon ak kanivo atravè eta a vin pi asire ak pi an sekirite pandan evènman move tan yo, men li pral ranfòse tou byennèt ekonomik kominote lokal nou yo, epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò li pou mete enfrastrikti transpò New York sou wout ki mennen nan yon avni ki pi rezistan ak pi pratik sou plan ekolojik."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Ak ogmantasyon evènman metewolojik ekstrèm yo, li enpòtan pou nou ranfòse ak pwoteje enfrastrikti enpòtan ke Nouyòkè yo depann de yo. Finansman sa a pral pote amelyorasyon enpòtan nan sekirite, rezistans ak dirabilite pon ak kanivo atravè Eta New York. Mwen fyè pou m sipòte envestisman sa a ak efò Gouvènè Hochul ap fè pou rann enfrastrikti enpòtan yo pi rezistan fas ak gwo evènman metewolojik yo."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Atravè envestisman kontinyèl nan enfrastrikti nou an, nou ka ankouraje devlopman ekonomik, redwi tan vwayaj, amelyore sekirite, ak ankouraje aksesibilite - finalman trase wout pou yon avni ki pi pwospè ak pi konekte. Mwen fyè dèske m te bay finansman pou pwojè sa a, epi mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul pou angajman li nan modènizasyon enfrastrikti New York la."

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Yon envestisman nan enfrastrikti nou an se pa sèlman yon envestisman nan efikasite wout ak pon nou yo, li se yon envestisman nan mendèv nou yo ak ekonomi lokal nou yo atravè New York. Mwen te fyè pou m travay ansanm ak Gouvènè a, Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins, ak kòlèg mwen yo nan Konferans Demokratik la pou m te bay yon rekò finansman pou minisipalite yo nan tout eta a, paske nou te wè pèsònèlman ki jan dola sa yo kenbe kominote yo an sekirite epi finalman ankouraje kwasans ak dirabilite."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Anons sa a fantastik. Enfrastrikti New York la bezwen antretyen ak amelyorasyon. Investisman Gouvènè a amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo."

An jiyè 2023, Gouvènè Hochul te anonse plis pase 516 milyon dola pou 216 pwojè nan kad pwogram BRIDGE NY la, ki pral bay asistans a 141 gouvènman lokal pou reyabilite ak ranplase pon atravè Eta New York yo.

###